



**DOCUMENTS REQUIS POUR LA DEMANDE DE VITEM XI (VISA REGROUPEMENT FAMILIAL)**

Reçu original de paiement des frais administratifs sur le compte de l'OIM à la SOGEBANK

**n° 2616027989**

- ❖ Nom de l'appliquant comme signature sur la fiche de dépôt
- ❖ USD 100 par applicant de VITEM XI

**Documents à fournir**

***Merci de noter que tout document dûment légalisé/notarié au Brésil doit être acheminé en Haïti par service courrier directement au bénéficiaire concerné.***

Pour demander un visa de regroupement familial (accueil humanitaire – VITEM XI) avec familles détentrices de visa humanitaire :

- Passeport valide d'au moins douze (12) mois, le jour du dépôt du dossier de l'appliquant, avec au moins deux (2) pages blanches ;
- Deux (2) photos d'identité fonds blanc , format passeport, récentes (5x5cm) ;
- Extrait du casier judiciaire ou d'un certificat de police émis par la Direction Centrale de la Police Judiciaire d'Haïti- DCPJ (valide pour 6 mois) ou les Tribunaux de Première Instance TPI (valide en général pour 3 mois), pour les personnes majeures ;
- *Copie notariée de la résidence ou du protocole (valide pour au moins 3 mois) de la personne vivant au Brésil.*
- Une lettre d'invitation notariée de la personne vivant au Brésil
- Copie notariée d'une pièce d'identité ( de préférence Passeport) de la personne vivant au Brésil
- L' original du reçu de paiement des frais du BVAC, d'un montant de 100.00\$US par demande, sur le compte de l'OIM à la SOGEBANK n° 2616027989

**DOCUMENTS ADDITIONNELS SPECIFIQUES PAR CAS**

1. **Si le bénéficiaire est marié:** Original extrait d'acte de mariage et de naissance émis par les Archives Nationales (dûment légalisés par le Parquet, le Ministère de la justice et de la sécurité publique et le Ministère des Affaires Étrangères et des cultes.

2. **Si le bénéficiaire vit en concubinage/ union libre:** L'original de l'acte de concubinage et extrait de l'acte de naissance seront acceptés (dûment légalisé par le Parquet, le Ministère de la justice et de la sécurité publique et le Ministère des Affaires Étrangères et des cultes.
3. **Frères et sœurs/ parents (en plus des documents ordinaires)**
  - Preuve de dépendance financière durant l'année en cours (au moins 3 transferts)
  - Original extrait d'acte de naissance émis par les Archives Nationales (dûment légalisés par le Parquet, le Ministère de la justice et de la sécurité publique et le Ministère des Affaires Étrangères et des cultes.
4. **Etudiants (VITEM XI) entre 18 et 24 ans (en plus des documents ordinaires)**
  - Fournir une attestation universitaire avec le sceau de l'établissement :
    - a) Notariée par un notaire agréé et reconnu par l'Ambassade du Brésil en Haïti si c'est une université privée.
    - b) légalisée par le Ministère des Affaires Étrangères et des Cultes ( MAE) dans le cadre des étudiants faisant partie de l'Université d'Etat d Haïti (l'UEH).

**NB : NOTAIRES PUBLICS AUTORISES PAR L'AMBASSADE**

- **Alex Demosthenes** : Rue des Casernes, n° 103 – 1er étage – Port-au-Prince Tel: (509) 3654-3562 / 3442-8070 / 3388-8070
- **Jean Henry Céant** : 390, Av. John Brown, Route Bourdon – Port-au-Prince\_Tel: (509) 2813-1299 / 3729-3092
- **Jean Renoune Chery** : 35, Rue de la Réunion : (à coté de l'ancien local de la DGI)\_Tel: (509) 3402-9157 / 3707-1234 / 2942-1188
- **Milot Fénélon Cajou** : Rue Ogé, n° 6 Bis – Pétiion-Ville \_Tel: (509) 3705-2614 / 3199-2849
- **Marie Alice Coradin-Beaulieu Belisaire** : 24 Rue Rivière, Apt. 5 – Port-au-Prince\_Tel: (509) 2811-1338 / 2811-1339 / 3925-1339
- **Dine Seide** : 49, Rue Geffrard, Pétiion-Ville, Haïti\_Tel: (509) 3714-2624 / 3798-1544
- **Jn M.J.E. Lesly Alphonse**: 67, Rue Lambert, Entrée Péguy-Ville - Pétiion-Ville\_Tel: (509) 2949-1717 / 2816-2518 / 2816-3812

**POINT FOCAL: MINISTÈRE DES AFFAIRES ÉTRANGÈRES D'HAÏTI**

Adresse: Delmas 60 - Musseau, Port-au-Prince\_Tel: (509) 2813-1469 / 28131464

- Monsieur Frantz Dorsainville;
- Monsieur Rodney M. Marcellus;
- Monsieur Antoine Joseph;
- Madame Elvire Beauchard;
- Monsieur Jean Joseph Léandre.

**Pour les mineurs (moins de 18 ans), sont nécessaires aussi selon le cas :**

- Autorisation notariée de demande de visa pour le Brésil signée par les parents si les 2 parents sont là bas. A noter que le nom du représentant legal des parents (tuteur) devra y être mentionné.
- Original extrait d'acte de Naissance *pour les applicants de plus de 3 ans émis par les Archives Nationales (dûment légalisé par le Parquet, le Ministère de la justice et de la securite publique et le Ministere des affaires etrangeres et des cultes.*
- *Les actes de naissance délivrés par les Tribunaux de Paix ou Etat Civil pour les applicants de moins de 3 ans seront acceptés (dûment légalisé par le Parquet, le Ministère de la justice et de la securite publique et le Ministere des affaires etrangeres et des cultes)*
- Copies des pièces d'identité notariées (passeport ou carte d'identité) des deux parents.
- **En cas de divorce:** copie du jugement conférant la garde (*dûment légalisé par le Parquet, le Ministère de la justice et de la securite publique et le Ministere des affaires etrangeres et des cultes.*
- **En cas de décès de l'un des parents:** original de l'acte de décès (*dûment légalisé par le Parquet, le Ministère de la justice et de la securite publique et le Ministere des affaires etrangeres et des cultes.*
- **Si l'un des parents se trouve en dehors du Bresil,** une prise en charge et une autorisation faites au consulat d'haiti au pays en question sont exigées. Ces documents doivent être authentifiées par le Ministère des affaires etrangeres et des cultes (MAE).
- **Si l'un des parents est en Haiti,** il faudra se rendre au Tribunal de Première Instance le plus proche pour faire le document de prise en charge puis le légaliser en suivant ces étapes en ordre: Parquet de PaP, Ministère de la Justice, puis Ministère des Affaires Etrangères.



**LIS DOKIMAN N AP BEZWEN POU FÈ DEMAND VIZA REGWOUPMAN FAMILYAL (VITEM XI)**

Orijinal fich ki moutre ou peye US \$100 frè dosye sou kont OIM nan SOGEBANK

**Nimewo kont lan se :**

**2616027989**

- ❖ Fòk non moun kap fè demand viza a ekri sou fich Sogebank lan
- ❖ Frè dosye a se US \$100 pou chak moun kap fè demand viza

**Men dokiman pou n bay**

***Tanpri toujou sonje tout dokiman kap soti Brezil yo dwe legalize oubyen fèt kay notè epi yo dwe vin jwenn benefisyè ki konsène a dirèkteman ak so orijinal nan yon anvlop kachte à pati konpayi sèvis kourye.***

Men dokiman w ap bezwen pou fè demand regwoupman famiyal:

- Yon Paspò ki rete pou pi piti 12 mwa pou l fini nan jou wap depoze dosye a, epi fòk li gen pou pi piti 2 paj vid.
- De (2) foto idantite fon blan ki fenk fèt (dimansyon: 5x5cm / fòma paspò) ;
- yon kazyè jidisyè ki valid pou 6 mwa ki fèt nan Direksyon Santral Polis Jidisyè (DCPJ) oubyen ki valid pou 3 mwa ki fèt nan tribinal 1e enstans pou moun ki gen 18 lane e plis.
- Kopi rezidans oubyen pwotokòl moun kap viv Brezil la. Fòk rezidans oubyen pwotokòl la rete sou li pou pi piti 3 mwa nan jou w ap vin depoze a epi li dwe gen so notè sou li.
- Yon lèt envitasyon ki fèt kay notè moun kap viv Brezil la voye ba ou.
- Kopi 1e paj paspò moun kap viv Brezil la . Kopi a dwe gen so notè sou li.
- Orijinal fich ki moutre ou peye 100.00 \$US frè dosye pou chak demand sou kont OIM nan SOGEBANK sou nimewo sa: **2616027989**

**LÒT DOKIMAN W AP BEZWEN SWIVAN SITIYASYON FANMI AN**

1. **Si benefisyè a marye:** Orijinal ekstrè ak maryaj + esktrè nesans ki fèt nan achiv nasyonal, ki legalize nan pakè, ministè lajistis ak ministè afè etranjè.

2. **Si benefisyè a ap viv nan konkibinaj (Plasaj):** Orijinal ak konkibinaj li, estrè dachiv li, tou 2 pyès sa yo dwe legalize nan pakè, ministè jistis ak ministè afè etranjè.
3. Frè ak sè : **(Mete sou dokiman òdinè yo)**
  - Prèv finansyè ki moutre ou sou reskonsablite moun kap viv Brezil la (Fich ki moutre ou te resevwa pou pi piti 3 transfè nan men moun sa pandan ane w ap fè demand lan)
  - Orijinal esktrè nesans ki fèt nan achiv nasyonal, ki legalize nan pakè, ministè lajistis ak ministè afè etranjè.
4. Etidyan (VITEM XI) soti 18 rive 24 lane **(Mete sou dokiman òdinè yo)**
  - W ap bay yon atestasyon inivèsite kote w ap etidye a ki gen so inivèsite a sou li.
    - a) Si se yon inivèsite prive fòk anbasad Brezil nan peyi Dayiti akredite epi rekonèt li.
    - b) Pou etidyan ki fè pati inivèsite Leta, atestasyon an dwe legalize nan ministè afè etranjè.

**NB : LIS NOTÈ PIBLIK ANBASAD BREZIL REKONÈT**

- **Alex Demosthenes** : Rue des Casernes, n° 103 – 1e etaj – Pòtoprens Tel: (509) 3654-3562 / 3442-8070 / 3388-8070
- **Jean Henry Céant** : 390, Av. John Brown, Wout Bourdon – Pòtoprens Tel: (509) 2813-1299 / 3729-3092
- **Jean Renoue Chery** : 35, Rue de la Réunion : (tou pre ansyen lokal DGI)\_Tel: (509) 3402-9157 / 3707-1234 / 2942-1188
- **Milot Fénélon Cajou** : Rue Ogé, n° 6 Bis – Petyonvil \_Tel: (509) 3705-2614 / 3199-2849
- **Marie Alice Coradin-Beaulieu Belisaire** : 24 Rue Rivière, Apt. 5 – Port-au-Prince\_Tel: (509) 2811-1338 / 2811-1339 / 3925-1339
- **Dine Seide** : 49, Rue Geffrard, Petyonvil, Ayiti\_Tel: (509) 3714-2624 / 3798-1544
- **Jn M.J.E. Lesly Alphonse**: 67, Rue Lambert, antre Pegivil - Petyonvil\_Tel: (509) 2949-1717 / 2816-2518 / 2816-3812

**PWEN FOKAL: MINISTÈ AFÈ ETRANJÈ PEYI DAYITI**

Adrès: Delma 60 - Miso, Pòtoprens\_Tel: (509) 2813-1469 / 28131464

- **Mesye Frantz Dorsainville;**
- **Mesye Rodney M. Marcellus;**

- **Mesye Antoine Joseph;**
- **Madam Elvire Beauchard;**
- **Mesye Jean Joseph Léandre.**

**Pou timoun (moun ki poko gen 18 lane), men ki dokiman w ap bezwen selon ka paw la:**

- Otorizasyon pou fè demand viza Brezil pou timoun nan. Li dwe fèt kay notè epi tou 2 paran yo dwe siyen otorizasyon an si y ap viv Brezil. Sonje non moun ki reprezante oubyen kap vin fè demand viza pou timoun nan dwe ekri nan papye otorizasyon an.
- Orijinal ekstrè dachiv pou timoun ki gen depase 3 zan ki fèt nan achiv nasyonal epi ki legalize nan pakè, ministè lajistis ak ministè afè etranjè.
- Bastitè pou timoun ki poko gen 3 zan ki fèt nan biwo eta sivil epi ki legalize nan pakè, ministè lajistis ak ministè afè etranjè)
- Kopi pyès idantite 2 paran yo (paspò oubyen kat idantite)
- **Nan ka divòs:** Kopi jijman ki bay youn nan paran yo gad timoun nan (*Dokiman sa dwe legalize nan pakè, ministè lajistis ak ministè afè etranjè*).
- **Nan ka youn nan paran yo mouri:** Orijinal ak desè (*legalize nan pakè, ministè lajistis ak ministè afè etranjè*)
- **Si youn nan paran yo pap viv nan peyi Brezil,** Otorizasyon ak dokiman ki konfye swen ak gad timoun nan (Prise en charge) a paran kap viv Brezil la. Dokiman sa yo dwe fèt nan konsila Ayiti ki nan peyi kote paran ki pap viv Brezil la rezide epi yo dwe legalize nan ministè afè etranjè nan peyi Dayiti.
- **Si youn nan paran yo Ayiti:** li prale nan tribinal 1e enstans nan jiridiksyon kote l ap viv la pou l fè dokiman sa pou konfye swen ak gad timoun nan (Prise en charge) a paran k ap viv Brezil la. Aprè sa li pral legalize l nan pakè, ministè lajistis epi nan ministè afè etranjè.